# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता

# यीशु द्वारा आन्हर क चंगाई




लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Janie Forest

अनुवादकः सुरेश मसीह

अनुकूलित: Ruth Klassen


कहानी 50 से 60


**www.M1914.org**

***Bible for Children***, PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada



अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


Bhojpuri

बरतीमाई यरीहो की पास सड़क की किनारे बैठल एगो आन्हर आदमी रहलन। उ भीख माँगत रहलन। जब दयालु लोग उधर से गुजरत रहलें तब उनके एगो सिक्का या खाना क कुछ टुकड़ा दे दिहल करत रहलें।



1

बरतीमाई काम ना कर सकत रहलन, काँहे से कि उ एगो आन्हर रहलन। उ खाली भीख ही माँग सकत रहलन।



2

एक दिन, राजमार्ग बहुत व्यस्त रहल। बरतीमाई अनेकों पैरन क आवाज सुनलन। कुछ त विशेष होखत रहे।



3

जल्दी ही आन्हर आदमी जान लिहलस की उहाँ का हो रहल बा। नासरत क यीशु शहर में रहलें। भीड़ क भीड़ यीशु के देखे अउर उनके सुने खातिर इकटठा हो गोइल।



4



बरतीमाई काँहे दोहाई दिहलन? "यीशु दाऊद क सन्तान, हमरी पर दया करीं!" उ काँहे सोचलन की यीशु उनकर मदद कर सकत बाने? शायद उ सुनलें रहलन कि, कइसे यीशु दूसरन के चंगा कइलें रहलन।

5



ओ में, कुछ आन्हर - कुछ अपंग, कुछ गूंग अउर कुछ बहिर रहलें, जइसन उहो रहलन। "दाऊद क सन्तान, हमरी पर दया करीं," बरतीमाई फिर जोर से चिल्लइलन। उनकर आवाज आशा की संगे गूँजत रहे।

6



बरतीमाई के एगो बात क यकीन रहे। यदि ओ के अभी मदद ना मिली, त अउर कवनो मौका कभी ना मिली। शायद यीशु फिर ओ रास्ता से कभी ना अइतन।

7



बरतीमाई के यीशु की पास पहुँचे के रहे। लेकिन लोग हटत ना रहेलें। "अस्स्स्स्स्!" उ लोग कहलें, अउर उ उनके शांत रहे के चेतावनी तक दिहलें।

8


लेकिन बरतीमाई अब चुप ना रहलन। उ अउर जोर से चिल्लाइल जारी रखलन। अचानक यीशु रूक गोइलन! सुनलन! अउर आन्हर आदमी के अपनी पास लीयवला क आदेश दिहलन!
9


लोग बरतीमाई के बतवलन, "खुश रहअ" उठअ, उ तोहके बोलवत बाने।
10


अपनी परिधान के एक तरफ फेंक के, बरतीमाई उठलन अउर यीशु की पास अइलन।
11


यीशु पूछलें, "हमसे तूं का चाहत बाड़अ की हम तोहरी खातिर करीं?" आपकअ जबाब का होई? का आप बहुत पइसा या नीमन नाया कपड़ा मंगतीं? बरतीमाई का चाहत रहलें।
12


ना, आन्हर बरतीमाई सोना या नीमन कपड़ा यीशु से ना मंगलन। आप खुद जानत बानी कि उ का माँगल चाहत रहलन।
13


प्रभु हमके हमार "आपन नजर दे देईं" बरतीमाई देखल चाहत रहलन। उ पेड़न अउर पक्षियन अउर परमेश्वर द्वारा बनावल सब सुंदरता के देखल चाहत रहलन।
14













यीशु द्वारा आन्हर क चंगाई

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

मरकुस 10, लूका 18, यूहन्ना 9

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा
जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के घरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउआ ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !